**Муниципальни бюджетни школал хьалхара дешаран учреждени**
**«ХЬАЛХА-МАРТАНАН БЕРИЙН БЕШ №3 «ИМАН»**

# Занятин конспект
# Коьчал: «Нохчийн фольклор. Фольклоран жанр Илли»

*(Ишколан кечамбаран тоба)*

*(Конспект х1оттийна: Хьату 1ийсан йо1а Розас)*

***Конспект составила***
***старший воспитатель МБДОУ***
***«Детский сад № 3 «Иман»***
***г. Урус-Мартан***
***Хатуева Роза Исаевна***

**Хьалха- Марта-2025 ш.**

**1алашо:**
Халкъан барта кхолламраллех долчу хааарийн юкъара маь1на дар;
иллийн жанрах болу кхетам шорбар;
берийн дегнашкахь патриотически ойла, халкъан иллешка безам кхиор.

**Гайтаман г1ирс:** Нохчийн фольклоран жанраш, вота, кехат пондар, дечиг пондар.
**Хьехаран кепаш:** карладаккхар, хьехархочун дош, 1аматан хаттаршна жоьпаш далар; кластер вовшахтасар.
**Методаш:** практически, гайтаме, мультимедийни.

1.**Маршалла хаттар**

Марша дог1ийла шу, бераш! Делан пурбанца вай д1адолор ду рог1еразаняти. Вайх Дала бина къинхетам бу, тахана эвххьаза, дуьззина шен ненан маттах дош ала йиш хилар. И хестош долчу дешнашца хьайн ненах, ненан маттах, Даймахках довха дош ала йиш хилар.

2. **Карладаккхар**
-Бераш,дагадайита, фольклор бохург х1ун ду?
*(Берийн жоьпш)*
Фолклор иза вай къоман хазна ю.

-Бераш, шун муьлха фолклоран кегийра жанраш йойза?
*(Берийн жоьпш)*
Дагардарш
Чехкааларш
Туьйранаш
Аганан эшарш
Кицанаш
Х1етал-Металш
Иллеш.

**3. Дешаре шовкъкхоллар**

Ницкъ хиларх хуьлуш вац яьхь йолу дика кIант,

ХIилланах хуьлуш вац тешаме дика кIант,

Тешамо, гIиллакхо, собаро веш ву-кха,

Оьздалло, хьекъало, стогалло веш ву-кха,

ГIиллакхах вуьззина яхь йолу дика кIант, –

боху илли тIехь халкъо.

**4. Коьчал билгаляккхар**

Бераш, вай тахана муьха фоклоран жанр евзийтар ю аьлла хета шуна?
*(Берийн жоьпш)*
-Фольклоран жанр Илли
Нийса боху, и муха хиар шуна?
*(Берийн жоьпш)*
Йийцинчу байта т1ехь хьахделар дика к1ант хаьстош. Ткъа дойзаш ду вайна Илли т1ехь буьйций и тайпа къонахи.

**5. Коьчал хьехар**

Къоман хьалха хилла долу дерриг а дахар билгалдолу фольклорехь. Халкъан лаамаш, сатийсамаш, цуьнан г1айг1анаш, баланаш, хазахетарш, халахетарш, цо лайна вон а, дика а, халкъан кхетам, ойла - и дерриг а фольклорехь ду. Нохчийн фольклорехь дуккха а жанрашкахь йолу произведенеш ю.

Вай 1амийна туьйранаш, кицанаш, х1етал-металш нохчийн халкъан барта кхоллараллина юкъадог1уш ду.

Ткъа тахана вай 1амийр ду нохчийн барта кхоллараллин керла жанр - иллеш.

Иллеш кхолладелла герггарчу хьесапехь кхо б1е шо сов хьалха. Нохчийн иллеш к1оргггера чулацам, йоккха исбаьхьалла йолуш ду. Шен иллешкахь халкъо ч1аг1до Даймохк безар, иза 1алашбар, кхечу къаьмнашца доттаг1алла хилар. Къонахалла, майралла, оьздангалла, адамийн сий лардар кхайкхадо иллешкахь. Иллеш т1ехь дуьйцург цхьадерг историхь хилла бакъдерг ду, важадерг - халкъо ша кхоьллина.

Мехкан, къоман сий лардеш, халкъана хьалхабевлла хилла нах бу иллийн турпалхой. Шен дик- чу к1ентийн хьуьнарш хастаме деш дийца лаарна, уьш т1екхуьучу т1аьхьенга д1ахаийта 1алашо йолуш кхуллуш хилла халкъо и иллеш. Царна т1ехь буьйцурш халкъан тоьлла к1ентий, халкъан турпалхой .Илли д1а олу дечиг пондар т1аьхьар, божарша.

**6. Коьчал кхин д1а а хьехар**

**-Ткъа х1инца берш, вай ладуг1ар ду Шарпудди Исмаиловс д1аолучу — «Къонаха» ц1е йолчу иллиг**

Мичхьа ду хьан Ницкъ куралли й - ас аьрзоне хьаттира,

Шен Ницкъ болу ши т1ам тоьхна - Аьрзо хьала г1аьттира.

Бертахь Доьзал, Маьрша Даймохк - беца Къонахчуьн ши т1ам.

Бийца Мохккий Моттий бацахь - Адамех ца Олу Къам.

Къонахчуьн Дарж Оза Терза - х1инца а данза ду бах,
Дуьне Цуьнца Дуста Г1ортах - Сов хир бу Къонахчуьн Мах.
Вага Къонах Оьшуш Хилахь - Молха Санна Вагалахь.
Де кхоладеш Буьйса яг1ахь - Хаьштигах Хьо Къагалахь.

Къонах воцуш ваха атта - хилла Массо Заманахь.
Атта дацарх Къонах Хилий - Тахна Ваха 1амалахь.
Къонахашна Зама йоцуш - хилла а яц Заманаш,
Замане ца ловзавойтуш - Зама Ловзо 1амалахь.

Шен Вешина Воша воцчух - Хьуна хир вац Доттаг1а,
Хьайца хало Екъна вацахь - Теший Дог Ма Дастахьа!
Шен Дена во1 ца хиллачух - К1ант хир ма вац Махкана.
К1илло стагах Къонах хилац - юкъах герзаш дехкарах

Даржех Уггара Лакхар чарах - Ду Хьуна К1ант Къонаха.
Цу Дарже Хьо Кхаьчна вацахь - Лахал Хьаже гонаха.
Уггар Лакхар Къонах Дош Ду - Вай Ц1ер Дешций легарехь.
Сийлаллий Таж Нана Ц1е Ю - Маьлхан Нуьрехь Къегарехь.

Массо Ирсен Волчу хенахь - Ирсе Хила 1амалахь,
К1ад а Ца луш хало Лар а - Ду Къонахчуьн Амалех.
Вай-м Дуьненчу Сакъера а - Тойнехь 1ен Ца Даьхкини,
Дуьне Хазда Кхана Делчи - Сий Дайта Вай Даь1ахкийн.

**7.Сада1аран минот**
(Могшалла 1алашйаран технологи)

Айдеш куьйгаш лестош шайн
Вовшех тоха лардеш дайн
Шаршош экам , аьхнаког
Ловзадеш шайн  дилха дог
Бераш-бераш дуьйлало
Кегийнаш шу дуьйлало
Корта ларбеш ластабе
Когаш тайна шаршабе
Делакъежаш дуьйлало
Бал д1аберзош кхиссало.

**-Бераш, нохчийн къоман къонахи бевзий шуна?**
*(Берийн жоьпш)*
-Иза ву вайн хьалхара президент А.Х.Кадыров;
Цуьнан к1ант, вай мехкан куьйгалхо Р. А. Кадыров;
Адийн Сурхо;
Таймин Биболт;
Жумин Акхтулла;
Харачойн Зеламха;
Мадин Жаммарза;
Бахьадарин Муьстанг.

**8.Бераш, кхи д1а болх вай д1а хьурбу кхолларан пхьолачохь.**

**-Дечиг пондар**
(Мультимедийни технологи)
-Хьа дуьйцар ду дечиг пондарх лаьцна?
*(Берийн жоьпш)*
Дечиг пондар кхо мерз бол пондар бу. Иза беш хилла хьег1а дечках, поп дечках.Дечик пондар доьххара лакха буьйлаберш йоккхачук Атаг1ар Гехи Абубакар , цуьнна ваша Ахьмад ву.

**-Кехат пондар**
(Мультимедийни технологи)
-Хьа дуьйцар ду кехат пондарх лаьцна?
*(Берийн жоьпш)*
Кехат пондар кхечу къаьмнашкара кхаьчча бу вайна. Доьххьара кехат пондар лакха буьйлабелларш Баьчи юьртара Ильяс ву, т1аккха Гихтара Хьамамату ю, Йоккхачу Атаг1ара Абубакар ву. Т1аккха цаьргара мукъамаш схьааьцна Дими 1умар, цоа 1амийна цуьнан йиша Аружа ю. Кехат пондар локху эшаран а, хелхарна т1аьхьа.

**-Вота**
(Мультимедийни технологи)
-Хьа дуьйцар ду вотанах лаьцна?
*(Берийн жоьпш)*
**Синкъерамашкахь, дезачуденошкахь, сакъоьрачу меттигашкахь вота хилла.Нагахь пондар боцучу нисбелча , вотанца шайн синкъерам чекхбоккхуш хилла.**

**- Кхочуш яр**
(Дешархойн ойлаяран чолхе барам кхиаран технологи )

**-Бераш, аш х1инца кластер вовшех тосуш кхолларан** болх бан беза.

Вайна хууш ду, Кластер – ингалсан маттахь курс, кемсийн хорханаш, гулдалар бохург ду. Х1уманаш, цуьнан билгалонаш тайп-тайпана юкъаметтигаш гойтуш.

1.Ам цул хьалха шу декъадала деза шина тобане.

2.Шайн табанашна ц1е а тиллина, хьалхара стаг векал вича ба1х1а хир ду аш.

**-Мехкарийн тоба:** барта кхолламраллин жанрашна кластер хlоттае.
**-Къонахийн тоба:** къонахчуьн амал билгалйоккхуш кластер х1оттае.

**-Тобаний хьалхарчу наха (бераш) дуьйцу шайн кластеран амалш**

**9. Рефлекси**

**-Чакхъяха предложенеш:**
суна тахана хьехаран сахьтехь хии…
суна хаза хийтира….

**10. Жам1 дар**

-Муьлха илли девзи вайна тахана?
*(Берийн жоьпш)*
Исмаь1алли Шарпуддин «Къонаха» ц1е йолу илли

-Муха хила веза къонах?
*(Берийн жоьпш)*
Майра;
Каде;
Шен Даймохк безаш, бевзаш а.

-Тахананалера хьехаран сахьт дерзош вай гойтар ду, оьзда йо1ан а, майра къонахчуьн а, нохчийн хелхар.

**Занятин конспект кечйеш пайда эцна йолу литература:**

Газет «Берийн беш» №12 2021 ш., №1 2022 щ; https://nohchalla.com/;
Нохчийн фольклор: Джамбеков Шаърани Алихаджиевич 1990 ш. (х1оттийнарг)
http://orga.narod.ru/folklor/main.htm; «Сан хьалхара книга» Динаев Алихан, 2020; Берийн журнал «Стела1ад» «Зорбанан ц1а»; «Сан къоман хазна»: Абдрахманова  Жарадат Минкаиловна, Джунаидов Саламбек Сираждиевич

2022 ш.( х1оттинарш) «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»; «Берийн каде ловзарш, физически упражненеш»: Аслаханов Сайд-1али 2008 ш. (х1оттинарг); «Нохчийн берийн ловзарш»2008: Махмаев Жамалди (х1оттинарг).